



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON KOMISÈ SANTE ETA NEW YORK LA DOKTÈ HOWARD ZUCKER KONSÈNAN VAKSEN JOHNSON & JOHNSON LAN

"Jodi a Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an te pibliye yon deklarasyon kote yo rekòmande yon pòz nan itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan pa prekasyon. Eta New York pral swiv rekòmandasyon CDC ak FDA a epi li ap fè yon pòz sou itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan nan tout Eta a jodi a pandan ajans sante ak sekirite sa yo ap evalye pwochen etap yo. Yo pral onore tout randevou pou vaksen Johnson & Johnson yo jodi a nan sit vaksinasyon an mas Eta a ap jere yo avèk vaksen Pfizer a.

Jan CDC ak FDA a te deklare a, nenpòt sikonstans advès ki gen rapò ak vaksen Johnson & Johnson lan 'parèt ekstrèmman ra' epi, 'Moun ki te resevwa vaksen J&J a ki devlope maltèt, doulè abdominal, doulè nan janm, oswa paka pran souf ki grav nan yon peryòd twa semèn apre vaksinasyon an ta dwe kontakte founisè swen sante yo a'.

Mwen nan kontak konstan avèk gouvènman federal la epi nou pral bay Nouyòkè yo mizajou pandan enfòmasyon yo ap vini disponib".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)